

# ПРОФЕССОР НАЖИМАТДИН АНСАТБАЕВ 80 ЖАСТА!

Нажиматдин Ансатбаев 1943-жылы 23-декабрь күни Кегейли районының «Шоқ тораңғыл» аўылында дийхан шаңарағында туўылды. Ол 1960-жылы орта мектепти питкерип, кейин Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыка театрында вокал артисти болып жумысқа орналасты ҳәм 1961-жылы Ташкент мәмлекетлик театр ҳәм сүўретшилик институтының актёрлық факультетине оқыўға киреди. Ол 1966-жылы усы институтты табыслы питкерди ҳәм Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыка театрына актёр лаўазымына жумысқа қайтып келеди. Н.Ансатбаев таланты, сын-сымбаты жәнe жағымлы ҳаўазы менен театрда дәрҳәл көзге түседи. Ол тез арада белгили драматурглердиң пьесалары бойынша қойылған «Еки байға бир малай» спектаклинде Флориндо, «Қәйин ене»де Аяз, «Актрисаның ығбалын»да Әбдираман Өтепов, «Наўайы Астарабад»та Алишер Наўайы, «Бердақ»та Бердақ, В.Шекспирдиң «Отеллосын»да Кассио, Т.Жумамуратовтың «Тикленген туў»да Байхан, А.Бегимов ҳәм Т.Алланазаровтың «Ғәрип ашық»та Ғәрип, Т.Сейтжановтың «Әбу Райхан Беруний»да Мамун шах, С.Хожаниязовтың «Маманбий»де Маман, А.Абдулинниң «Он үшинши председатель»де Сагадеев, Б.Жакиевтиң «Әке тәғдири» спектаклеринде Ақылбек сияқлы баслы роллерди шеберлик пенен атқарып халқымыздың сүйикли актёрына айланды.

Н.Ансатбаев биринши қарақалпақ операсы болған "Әжинияз" операсында Әжинияздың партиясын атқарды. Стажировкадан келгеннен кейин режиссёр ҳәм актёр сыпатында Н.Ансатбаев театрдың репертуарын раўажландырыўға өзиниң салмақлы үлесин қосты. Ол көп драматурглердиң алпыстан аслам шығармаларын саҳналастырды. Олардан қарақалпақ ҳәм басқа да туўысқан халықлар драматурглери К.Рахмановтың «О дүньяға мирәт», «Жаралы жүреклер», «Урыны қарақшы басты» М.Каримниң «Ай тутылған түнде», С.Хожаниязовтың «Сүймегенге сүйкенбе», Т.Жумамуратовтың «Тикленген туў», Т.Сейтжановтың «Абу Райхан Беруний», Қ.Абдиреймов пенен бирге О.Абдирахмановтың «Тирсеклер», А.Абдулинниң «Он үшинши председатель», А.Қаххардың «Сақ ғарға сағағынан», Б.Жакиевтың «Әке тәғдири», С.Ахмадтың «Келинлер қозғалаңы», У.Умарбековтың «Өз арзасы менен», Цагарелидиң «Ханума», С.Балғабаевтың «Ең сулыў келиншек», К.Нарқабылдың «Нур саяда қалмайды» спектаклерин айрықша атап көрсетиўге болады.

Ол өзиниң өмирлик жолдасы Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист Ажар Аңсатбаева менен биргеликте театр саҳнасында тамашагөйлердиң есинде қалатуғын көплеген образларды дөретти ҳәмде төрт перзентти тәрбиялап камалға келтирди.

Н.Ансатбаев күшли жәнe жағымлы драмалық баритон даўысқа ийе инсан. Усының нәтийжесинде ол халық сүйген қосықшылардың бирине айланды.

Н.Ансатбаев атқарған көп санлы қосықлар, музыкалы спектакллер менен опералардағы ариялар халқымыз тыңлаўшылары арасында кеңнен тарқалған.

Н.Ансатбаев тәжирийбели устаз болып, оның басшылығында Республикамызда көп санлы талантлы актёрлар өсип жетилиспекте.

Н.Ансатбаев ҳәзирги күнде Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдениият институтының Нөкис филиалында профессор лаўазымында режиссура жөнелиси бойынша студент жасларға тәлим-тәрбия берип келмекте.

Н.Ансатбаевтың мийнетлери Өзбекстан Республикасы тәрепинен жоқары баҳаланып, ол инсанға төмендегише мәмлекетлик атақлары берилген.

1969-жылы «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист»,

1974-жылы «Өзбекстан халық артисти»,

1980-жылы «Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты»,

1990-жылы «Ветеран труда»,

2000-жылы «Меҳнат шуҳрати»,

2009-жылы «Эл-юрт ҳурмати»,

2022-жылы «Дослық» ордени,

2023-жылы «Өзбекстанда хызмет көрсеткен ёшлар мураббийи» атақларын алыўға миясар болды.

Н.Ансатбаев үлкен тәжирийбелерге ийе талантлы актёр ҳәм режиссёр сыпатында өзиниң дөретиўшилик хызметиниң раўажланған дәўиринде киятырған инсан.

Н.Ансатбаевқа беккем ден саўлық, узақ өмир, дөретиўшилик ислеринде ҳәмийше тасқын табыслар тилеймиз.

***Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдениият***
***институты Нөкис филиалы директораты***
***ҳәм кең жәмийетшилик коллективи!***